

## Eskrab an Ayiti

Lenhs Louis, Inivèsite Laflorid

Genyen anpil peyi nan lemond ki te genyen menm pwoblèm avèk peyi nou Ayiti. Se yon pwoblèm analfabetizasyon. Otè liv *Yon Lekòl Tèt Anba Nan Yon Peyi Tèt Anba*, Iv Dejan fè nou konnen ke “an 1800, pi fò granmoun gason an frans pa te janm al Lekòl. Sa te kòmanse chanje an 1850...distan pou rive nan ane 2000 genyen douz milyon jèn sou 60 milyon jèn ki ale Lekòl (Dejan 108).” Poukisa ou panse mwen ba ou ti ide sa? Se paske mwen vle moutre ou ke sitiyasyon analfabetizasyon an Ayiti kapab ranje men li kapab pran tan. Li pran Lafrans preske plis pase 50 ane pou li fè yon gwo pwogrè. Lafrans se yon temwayaj pou moutre nou ke chanjman possib menm si sa pran tan depi moun deside li kapab posib. Nou ap panse itilize eskrab pou nou ka fè chajman sa. Nou konnen sa ap pran tan men si tout moun deside epi yo mete tèt yo ansanm pwoblèm analfabetizasyon ayiti ya ap disparèt.

Nou swete ke nou te kapab jwenn ase kòb pou nou ta fè ase jwèt pou tout moun an Ayiti ta kapab posede jwèt pa yo. Pou yo kapab gen ase pratik nan li ekre avèk pròp lang pa yo. Ozetazini, gen yon konpetisyon ki rele *Spelling Bee*, nan konpetisyon sa yo fè timoun eple gwo mo ke menm paran yo pa kapab eple, se yon bagay yo moutre konpetisyon an nan televizyon pou tout moun ka wè kijan timoun sa yo fò nan eple mo. Poukisa nou pa kapab fè menm bagay la an Ayiti avèk? Si nou ta fè sa nou te kapab rive popilarize jwèt la toujou. Nan liv *Yon Lekòl Tèt Anba Nan Yon Peyi Tèt Anba* Dejan toujou ap raple nou de enpòtans anpran nan lang ou konnen an. Li di nou ke “lang se yon zouti pou panse. (Dejan 54).” Lekòl Ayiti pa bay timoun chans pou yo panse nan lang pa

yo, sa genyen yon gwo enfliyans sou pwoblèm analfabetizasyon nou an ayiti (Dejan, 203). Paske eskrab bay moun opòtinite pou yo esprime yo nan lang manman yo, nou kapab itilize li kòm yon zouti pou nou konbat pwoblèm analfabetizasyon.

### Eskrab kont analfabetizasyon

Jwèt mo kwaze kreyòl ayisyen kapab ede moun aprann li ekri. Mo kwaze fòse moun eple mo; eple mo kapab ede yon moun devlope vokabilè yo. Toutotan yon moun ap ekspoze avèk mo ki mache ak ide se toutotan lap aprann li ekri. Sistèm lekòl anayiti an genyen yon gwo pwoblèm; li demande ke timoun anayiti pale franse lekòl e sa vini fè genyen anpil moun ki analfabetize. Si nou te kapab fè yon jwèt tankou mo kwaze ayisyen fè pati kilti Ayiti menm jan avèk “Domino” ak “Gagè” li tap rive alfabètize anpil moun. Men sa ki pwoblèm lan konnya se kijan nou kapab popilarize mo kwaze kreyòl ayisyen.

### Jan Nou Kapab Popilarize Eskrab

Premye bagay nou te kapab fè se pou nou menm tout moun ki nan klas HAI 2200 ki kòmanse jwe jwèt la pale de jwèt la avèk zanmi pwòch yo, manman yo, papa yo, avèk tout lòt fanmi yo. Apre nou fin pale moun yo de jwèt la nou ta fè yo jwe li pou yo kapab wè kijan li enteresan apres a nou ta swete moun sa yo kapab di tout moun yo konnen jiskaskè nouvèl jwèt la rive Ayiti. Yon lòt jan ke nou kapab popilarize jwèt nou an se pou nou ta prezante jwèt la ak moun ki nan klib kreyòl la konsa nou kapab fè ayisyen ki isit ki kapab achte jwèt la kapab jwenn opòtinite pou yo jwe anpitou achte li. Nou ta pran kòb nou fè nan van jwèt la pou nou kapab fè avètisman voye nan tout lòt klib kreyòl ke nou konnen ki nan florid. konsa nou kapab fè plis kòb jiskaskè nou kapab rive genyen ase kòb

pou nou fè ase jwèt pou nou kapab vann yo aba pri pou moun Ayiti jwe. Kòm mwen gentan di ou lè moun jwe jwèt sa yo kapab alfabetize e si anpil ayisyen ta jwenn jwèt sa, li te kapab ede anpil moun li ak ekri. Sa kapab ede nou rezoud pwoblèm alfabetizasyon Ayiti.

Men anvan nou fè tout bagay sa yo fò nou ta pale avèk moun ki gen dwa sou jwèt la pou nou ka konnen si yo dakò pou nou itilize ide yo. Aprè sa se pou nou ta fè yon diksyonnè ak yon ti liv ki kapab reponn tout keksyon yon moun kapab genyen sou mo kwaze kreyòl ayisyen. Lide kreye jwèt sa se trè briyan.

### Ayisyanize Eskrab

Paske nou vle pou eskwab jwe yon wòl enpòtan an Ayiti, li nesèsè pou nou ta ayisyanize jwèt la. Nan ti kare yo li tab bon si nou ta mete bagay ki senbolik pou Ayiti tankou mize nasyonal la avèk sitadèl la. Nou tap pran 50 pi gwo kote an Ayiti ki genyen anpil epi nou ta mete yo chak nan yon ti kare. Sou rèz kare ki rete yo nou ta sipoze mete non moun ki te genyen yon enfliyans pozitif nan peyi a tankou Desalin ak Petyon. Mwen panse jwèt la sipoze ble ak rouge ki se koulè drapo peyi ya. Sou do jwèt la nou ta kapab desine yon grow pye palmis, paske pwebwa sa genyen anpil istwa ki mache avèk li.

### Istwa Eskrab

Nou ap fè tout ti pale sa yo sou eskwab men nou poko pale de istwa jwèt la. Li te kòmanse Ozetazini nan yon peryòd ki rele gran depresyon an. Se te yon peryòd ki te vrèman nwa nan sans ekonomik pou anpil peyi sou latè. Pa te genyen travay, epitou

manje te chè. Yon, achitèk ki rele Alfred Mosher Butts ki te youn nan viktim depresyon sa paske li te pedi travay li te fè yon ide pou li kòmanse yon jwèt. Li fè rechèch li vini reyalize ke genyen twa kategori jwèt; jwèt nimewo, jwèt kote pou ou deplase, avèk jwèt mo. Butts te vle kreye yon jwèt ki konbine mo kwaze avèk jwèt mo. Premyeman, jwèt la te rele “Lexicon” men Butt vin chanje non an, li vin rele li “mo kwaze.”

Li enpòtan pou nou konnen kijan Butt reyalize fè jwèt sa. Li te etidye yon papye jounal ki rele *New York Times* pou li kalkile konbyen fwa 26 lèt nan alfabè angle a te itilize nan papye ya. Li dekouvri ke vwayèl parèt pi plis pase konsòn, vwayèl ki parèt pi plis la se “e”. Aprè li bay chak lèt yo yon valè. epi li deside konbyen nan chak lèt ki ap parèt nan jwèt la. “s” te bay yon pwoblèm, akòz moun itilize li anpil, Butts decide itilize li sèlman kat fwa paske li pa te vle jwèt la twò fasil. Sa fè twa generation depi jwèt mo kwaze fè pati sosyete Ozetazini ya. Li te desine premye jwet la avèk zouti achitèk li yo. li te mete jwèt la sou yon lot jwèt ki rele *checkers*. mwen panse yo te fatige avèk jwèt sa. Li te fè ti kare yo tankou sa nou genyen pou jwèt nou an men li te ekri mo yo sou ti jeton yo avèk men li. Ala moun gen entelijans papa.

Mwen wè Butt genyen gwo siksè avèk jwet la, mwen ta swete nou genyen menm siksè plis pase li menm si sa posib.

### Differans an Eskrab Fonemik ak Eskrab tradisyonèl

Nan klas nou te pale de de diferan kalite eskrab, youn ki te tradisyonèl avèk youn ki te fonemik. Mwen panse sa ki fonetik la ap plis bon pou moun an Ayiti. Li genyen anpil avantaj pou yon peyi tankou ayiti. Jwèt ki gen fason fonemik la genyen vwayèl

nazal. Plis popilasyon Ayiti a pa alfabetize nou menm nou ta renmen itilize eskrab pou nou konbat analfabetizasyon; batay la ap plis fasil si nou itilize zam ki fasil. Itilize eskrab tradisyonèl la ap konplike batay nou paske anpil moun pa kapab konnen ke si yo mete a avèk n ansanm sa ap egal “an”, yon vwayèl nazal ki kapab ba yo yon mo tankou ban. jwèt fonemik la ede moun paske li ba yo opòtinite pou yo eple anpil mo san yo pa bezwen anpil jeton paske jwèt la mete mo yo ansanm. pa egzanp, nan jwèt tradisyonèl la yon moun bezwen sis jeton pou ou eple “renmen” men nan jwèt fonemik la sa ap bezwen sèlman 4 jeton. Sa se yon lòt avantaj jwèt fonemik la genyen.

Eskrab ayisyen an sipoze genyen aksan ladan. Moun ki ap jwe jwèt la sipoze konnen ke yon mo tankou pè genyen yon aksan sou li, si jwèt la pa genyen sa , yo pa kapab konnen sa. Si jwèt la genyen aksan ladan li kapab ede moun eple mo korèkteman. Men genyen yon ti pwoblèm avèk lèt à, se pweske yon vwayèl ke nou pa kapab itilize nan jwèt la menm paske pa genyen anpil mo ki itilize à avèk aksan. Tout jwe mwen jwe jwèt la mwen po ko janm fè yon mo ki genyen à ladan. mwen ta di retire lèt sa komplètman men li genyen anpil valè lèt la poukont li vo wuit pwen. Sa bon paske li fòse moun panse avèk travay di.

Kòm mwen gentan esplike nou eskrab kapab yon zouti ke nou kapab itilize pou nou kombat analfabetizasyon an Ayiti men li ap pi fasil si nou itilize fòm eskwab fonetik la paske li ap pi fasil pou yon moun ki pa fò nan eple mo. Li genyen yon lòt avantaj paske ou kapab fòme plis mo avèk mwens jeton. Eskrab nou an sipoze genyen aksan paske aksan yo ap ede moun eple pi mo kòrèkteman.

## Konklizyon

Eskrab kapab ede nou konbat analfabetizasyon an Ayiti paske lap ede moun eple mo. Men fò nou pran tan pou nou popilarize jwèt la pou tout moun kapab tandè pale de li. Pou jwèt la kapab pi enterese moun Ayiti nap ayisyanize jwèt la. Genyen kèk ti pwòblem avèk jwèt la men nou ap viske yo. Mwen panse jwèt fonemik la ap pi avantajè pou moun ayiti paske li ap ede yo eple mo kòrèkteman.

## Bibliyografi

Dejan, Iv. 2006. *Yon Lekòl Tèt Anba nan Yon Peyi Tèt Anba*. Pòtoprens: Fokal

<http://www.hasbro.com/games/adult-games/scrabble/home.cfm?page=home>